

# Prepare pou Premye jou lekòl la!

## Men sa pou fè pou byen kòmanse ane lekòl la:

### Ale ka doktè pou yon egzamen medikal.

Èske pitit ou a ap kòmanse lekòl oswa gadri pou premye fwa? Avan lekòl kòmanse, asire pitit ou a fè yon egzamen medikal konplè kay yon doktè, ke y ap dokimante nan Fòm egzamen sante pou timoun ak adolesan (Child and Adolescent Health Examination Form, CH205). Fòm sa disponib pou telechaje nan [schools.nyc.gov/schoolhealth](https://schools.nyc.gov/schoolhealth).

### Asire tou pitit ou a ajou nan tout vaksen ki obligatwa yo.

Lalwa sou sante piblik eta Nouyòk egzije pou elèv pran kèk vaksen pou yo ka ale nan gadri oswa lekòl. Avan ane lekòl la kòmanse, pitit ou a ta dwe resevwa tout vaksen ki obligatwa yo. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou vaksen ki obligatwa yo nan [schools.nyc.gov/immunization](https://schools.nyc.gov/immunization). Nou rekòmande tou pou tout Nouyòkè mete yo ajou avèk vaksen COVID-19 yo, tankou boosters pou moun ki elijib yo. Ale nan [vaccinefinder.nyc.gov](https://vaccinefinder.nyc.gov) oswa rele 877-829-4692 pou jwenn yon adrès ki pre w.

### Mete enfòmasyon sou jan pou yo kontakte w ajou.

Pa rate mizajou ki enpòtan ki soti nan Lekòl leta NYC ak nan lekòl pitit ou a! Ou ka mete enfòmasyon pou yo kontakte w yo ajou sou entènèt nan kont lekòl Vil Nouyòk (NYC Schools Account, NYCSA) ou a, oswa ranpli fòm kontak nan ka ijans lekòl ou a bay la. Si w poko genyen yon kont lekòl NYC, ale sou [schools.nyc.gov/NYCSA](https://schools.nyc.gov/NYCSA) pou konnen kòman pou kreye youn.

### Kontakte kowòdonatè paran lekòl ou a.

Kowòdonatè paran yo ka bay repons pou plizyè nan kesyon ak enkyetid ki gen rapò avèk lekòl. Ou ka jwenn enfòmasyon pou kontakte kowòdonatè paran ak lòt estaf nan lekòl pitit ou a avèk zouti Find a School la: [schoolsearch.schools.nyc](https://schoolsearch.schools.nyc), oswa rele lekòl pitit ou a pou yo ede w.

### Poze kowòdonatè paran an oswa direktè a kesyon sou sèvis tradiksyon ak entèpretasyon.

Lekòl ou a ka ba w sèvis tradiksyon ak entèpretasyon gratis. Jwenn plis enfòmasyon nan men kowòdonatè paran an oswa direktè lekòl ou a, oswa ale sou [schools.nyc.gov/hello](https://schools.nyc.gov/hello) pou plis enfòmasyon. Pou jwenn sèvis entèpretasyon nan langaj an siy pou bèbè/soud, tanpri rele kowòdonatè paran lekòl ou a oswa voye yon imèl nan [OSLIS@schools.nyc.gov](mailto:OSLIS@schools.nyc.gov).

### Gade kalandriye lekòl NYC pou ane 2023-24 la

Gade dat enpòtan yo epi jwenn dokiman ou ka enprime nan plizyè lang pou ane lekòl 2023-24 la nan [schools.nyc.gov/calendar](https://schools.nyc.gov/calendar).

❑ **Prepare founiti klasik pitit ou a.**

Pwofesè oswa lekòl pitit ou a gendwa voye ba ou yon lis materyèl lekòl yo rekòmande pou nouvo klas pitit ou a, ansanm ak yon orè pou premye jou lekòl yo. Asire w pitit ou a konnen kisa pou l atann nan premye jou yo, epi li gen founiti klasik li tou pare pou l travay. Nou sijere tou pou mete etikèt sou afè pitit ou a (sa vle di rad jim, boutèy dlo, bwat kreyon, etc.) pou asire yo ka idantifye yo pami lòt!

❑ **Fikse yon lè regilye pou ale kouche ak yon woutin nan maten avan premye jou lekòl la.**

Fè timoun ou yo adapte yo avèk yon bon orè regilye pou yo ale dòmi avan septanm lan rive pou ka asire yon tranzisyon andous pou nouvo ane lekòl la. Apresa, kèk jou avan lekòl kòmanse, pratike woutin w ap atann pou fanmi w suiv lè maten an, tankou prepare, manje manje maten, ak fè trajè pou rive lekòl pitit ou a. Si w poko fin sèten kòman pitit ou a pral ale lekòl ane sa a, ale nan [schools.nyc.gov/transportation](https://schools.nyc.gov/transportation) pou plis enfòmasyon sou opsyon sou mwayen transpò ak elijiblite.

❑ **Preparasyon pou lekti.**

Youn nan pi bon bagay yon timoun ka fè pou ede prepare tèt li pou ane lekòl k ap vini an se li yon liv! Lekti ede sèvo nou pou aprann ak pou kenbe lang, epi timoun ki li oswa yo li pou yo lakay yo pi byen prepare pou aprann nan salklas la. Gade Gid lekti pandan ete nou an pou fanmi yo epi aprann plis sou liv elektwonik gratis pou elèv Lekòl Leta Vil Nouyòk yo atravè aplikasyon Sora nan [schools.nyc.gov/literacy](https://schools.nyc.gov/literacy).

❑ **Prepare pou aprantisaj adistans nan ka bilding lekòl yo ta fèmen pou move tan oswa pou ka ijans.**

Si bilding lekòl leta Vil Nouyòk yo fèmen akòz move tan, elèv pral patisipe nan aprantisaj adistans lakay yo. Prepare pou gen yon aparèy elektwonik ki gen entènèt, founiti klasik, ak yon espas ki la pou travay pou pitit ou a. Si pitit ou a gen yon Kont elèv DOE, konfime ke li kapab konekte epi jwenn aksè nan zouti sou entènèt li ka itilize pou travay lekòl yo. Ale nan [schools.nyc.gov/digitalllearning](https://schools.nyc.gov/digitalllearning) pou resous ak enfòmasyon pou ede w prepare pou jou aprantisaj adistans.

**Nou pa ka tann pou wè w nan nan premye jou lekòl la,  
Jedi 7 septanm!**